





Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

### 3.5 Sumber Data

Ema Rohimah, 2013

*Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sagemblengna dongéng-dongéng dina *Manglé Alit* taun 2012 anu kainvéntarisir. Jumlahna aya 54 dongéng ti édisi Januari 2012 – Désémber 2012.

Tabél 3.3  
Sumber Data Panalungtikan

No.	Judul Dongéng	Jenis Dongéng			
		Fabél	Farabél	Sasakala	Carita Paranabi/Wali
1	2	3	4	5	6
1.	<i>Ajag jeung Anjing</i>	✓			
2.	<i>Wawales ka nu Telenges</i>	✓			
3.	<i>Ucing Mumusuhan jeung Maung</i>	✓			
4.	<i>Séro jeung Keuyeup</i>	✓			
5.	<i>Kasatiaan Ucing</i>	✓			
6.	<i>Jangji Kukupu</i>	✓			
7.	<i>Jangji Kelenci</i>	✓			
8.	<i>Sireum jeung Cakcak</i>	✓			
9.	<i>Sakadang Kelenci Nyieun Suling</i>	✓			
10.	<i>Hileud Bulu</i>	✓			
11.	<i>Lini jeung Kuuk</i>	✓			
12.	<i>Kelenci jeung Domba Adu</i>	✓			
13.	<i>Kasatiaan Manuk Piit</i>	✓			
14.	<i>Kasedih Munding</i>	✓			
15.	<i>Sakadang Bango</i>	✓			
16.	<i>Sasakala Tanduk Uncal</i>	✓			
17.	<i>Kuring Sakadang Peucang</i>	✓			
18.	<i>Kuda, Uncal, jeung Maung</i>	✓			
1	2	3	4	5	6

Emah Rohimah, 2013

*Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

19.	<i>Biruang jeung Patani</i>	✓			
20.	<i>Tukang Samangka jeung nu Baramaén</i>		✓		
21.	<i>Tukang Batu</i>		✓		
22.	<i>Ganjaran ka nu Sarakah</i>		✓		
23.	<i>Ngadu Muncang</i>		✓		
24.	<i>Kanyaah Raja ka Rayatna</i>		✓		
25.	<i>Ibnu Hajar</i>		✓		
26.	<i>Urang Kamasan Cadu Ngukut Japati</i>		✓		
27.	<i>Dijurung Kanyaah Indung</i>		✓		
28.	<i>Babalik Pikir</i>		✓		
29.	<i>Bola Gondong</i>		✓		
30.	<i>Hikmah</i>		✓		
31.	<i>Dua Kusir</i>		✓		
32.	<i>Nu Nyaah ka Sato</i>		✓		
33.	<i>Kecrik Mamala Diri</i>		✓		
34.	<i>Wawales ka nu Sirik</i>		✓		
35.	<i>Sasakala Lembur Tundagan</i>			✓	
36.	<i>Sasakala Reungit Nyeuseup Getih</i>			✓	
37.	<i>Raja Sétan</i>			✓	
38.	<i>Sasakala Cau Manggala</i>			✓	
39.	<i>Sasakala Maung Leutik Cangkéngna</i>			✓	
40.	<i>Sasakala Désa Bunigeulis</i>			✓	
41.	<i>Karang Nini</i>			✓	
42.	<i>Kampung Jelegur</i>			✓	
43.	<i>Mutiara Cimata Kerang</i>			✓	
<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>

Emah Rohimah, 2013

Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan  
Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

44.	<i>Sasakala Gunung Guntur</i>			✓	
45.	<i>Sasakala Guha Rangga Gading</i>			✓	
46.	<i>Guha Oray</i>			✓	
47.	<i>Sasakala Cabé Lada</i>			✓	
48.	<i>Sasakala Ngopi</i>			✓	
49.	<i>Sasakala Tanduk Uncal</i>			✓	
50.	<i>Sasakala Lutung leuwih saeutik batan Monyét</i>			✓	
51.	<i>Cai Laut Asin</i>			✓	
52.	<i>Paménta Oray</i>				✓
53.	<i>Marebutkeun Orok</i>				✓
54.	<i>Abdul Mutholib, Purah Ngurus jeung Miara Ka'bah</i>				✓
<b>Jumlah</b>		<b>19</b>	<b>15</b>	<b>17</b>	<b>3</b>
<b>%</b>		<b>35,18 %</b>	<b>27,77 %</b>	<b>31,48 %</b>	<b>5,55 %</b>

Dumasar kana tabél di luhur, katitén yén dongéng-dongéng *Manglé Alit* anu medal taun 2012 téh bisa digolongkeun jadi opat jenis dongéng. Éta dongéng-dongéng téh, ngawengku dongéng fabél anu jumlahna aya 19 dongéng (35,18%), dongéng farabél 15 dongéng (27,77%), dongéng sasakala 17 dongéng (31,48%), jeung carita paranabi/wali tilu dongéng (5,55%). Tina éta data, henteu sakabéh dongéng baris dianalisis. Ku kituna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik sampling, sangkan meunangkeun data anu bener-bener luyu pikeun dianalisis. Téhnik anu dipaké nya éta *purposive sampling*, nya éta téhnik milah-milah data dumasar kana tujuan anu tangtu. Dongéng-dongéng nu dianalisis téh, nya éta dongéng nu saluyu jeung kritéria nu geus dipedar dina watesan masalah. Kritéria téh nya éta dongéng nu miboga ciri ajén moral tanggung jawab, ati nurani, kawajiban, jeung sifatna formal.

Tina 54 dongéng, dipilihan dongéng-dongéng anu sakirana luyu jeung éta kritéria. Éta dongéng-dongéng pilihan téh ngawengku 5 dongéng fabél, 5 dongéng farabél, 5 dongéng sasakala, jeung 2 carita paranabi/wali. Jadi, jumlah dongéng anu dianalisis ajén moralna téh aya 17 dongéng nu béda-béda jenisna. Hal ieu nyoko kana watesan masalah dina ieu panalungtikan. Ieu hal téh miboga tujuan sangkan panalungtikan bisa leuwih museur, jeung teu lega teuing ambahanana. Dongéng-dongéng nu dianalisis téh kaunggel dina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabél 3.4  
Dongéng – dongéng anu dianalisis

No.	Judul Dongéng	No. Manglé	Tanggal/Bulan/Taun Medal	Jenis Dongéng
1	2	3	4	5
1.	<i>Tukang Samangka jeung Baramaén</i>	2355	5 Januari – 11 Januari 2012	Farabél
2.	<i>Tukang Batu</i>	2357	19 Januari – 25 Januari 2012	Farabél
3.	<i>Sasakala Reungit Nyeuseup Getih</i>	2364	8 Maret – 14 Maret 2012	Sasakala
4.	<i>Ibnu Hajar</i>	2365	15 Maret – 21 Maret 2012	Farabél
5.	<i>Bola Gondong</i>	2368	5 April - 11 April 2012	Farabél
6.	<i>Marebutkeun Orok</i>	2368	5 April - 11 April 2012	Carita Paranabi/Wali
7.	<i>Paménta Oray</i>	2368	5 April - 11 April 2012	Carita Paranabi/Wali
8.	<i>Sasakala Désa Bunigeulis</i>	2368	5 April – 11 April 2012	Sasakala
9.	<i>Séro jeung Keuyeup</i>	2368	5 April – 11 April 2012	Fabél

Emah Rohimah, 2013

Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

<i>1</i>	<i>2</i>	<i>3</i>	<i>4</i>	<i>5</i>
10.	<i>Hikmah</i>	2375	24 Mei – 30 Méi 2012	Farabél
11.	<i>Sasakala Cabé Lada</i>	2376	31 Mei – 6 Juni 2012	Sasakala
12.	<i>Oray Salak jeung Daun Pulus</i>	2368	5 April - 11 April 2012	Fabél
13.	<i>Kasedih Munding</i>	2392	27 Séptémber - 3 Oktober 2012	Fabél
14.	<i>Kuring Sakadang Peucang</i>	2398	8 Nopémber – 14 Nopémber 2012	Fabél
15.	<i>Kuda, Uncal, jeung Maung</i>	2399	8 Nopémber – 14 Nopémber 2012	Fabél
16.	<i>Cai Laut Asin</i>	2403	13 Désémber – 19 Désémber 2012	Sasakala
17.	<i>Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyét</i>	2404	20 Désémber – 26 Désémber 2012	Sasakala

### 3.6 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksud, tujuan, jeung udaganna, baris ditataan wangenan istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nya éta.

#### 1) Ajén moral

Ajén moral nya éta *nilai-nilai* atawa norma-norma ajaran kasusilaan ngeunaan hadé goréng jeung bener salahna kalakuan, sikep, kawajiban, jeung adat sopan santun, anu dijadikeun alesan atawa cecekelan dina kahirupan.

#### 2) Struktur carita dongéng

Struktur carita nya éta susunan atawa unsur-unsur anu aya dina hiji karya sastra (dongéng), anu saeutikna ngawengku téma, fakta carita (palaku, latar, galur), jeung sarana carita (gaya basa, simbol, judul, amanat) anu aya dina dongéng. Struktur carita dongéng anu dianalisis dina ieu panalungtikan, nya éta téma, palaku, jeung amanatna.

Emah Rohimah, 2013

*Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3) Bahan pangajaran maca

Bahan pangajaran maca nya éta matéri anu rék ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar sangkan nambahan pangaweruh jeung pangalamanana, patali jeung tarékah ngaronjatkeun kaparigelan maca.

Dumasar kana wangenan-wangenan di luhur, anu dimaksud “Ajén Moral dina Struktur Carita Dongéng *Manglé Alit* anu Medal Taun 2012 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” téh, nya éta panalungtikan nu dilakukeun ku cara nganalisis ajén moral nu nyangkaruk dina struktur carita dongéng majalah *Manglé Alit* wedalan taun 2012 anu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

